



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PI GRAN ENVESTISMAN ETA NAN EDIKASYON
NAN SYANS ENFÒMATIK NAN NASYON AN**

Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan yon investisman 6 milyon dola pa ane nan fòmasyon pwofesè ak nouvo estanda akademik pou syans enfòmatis pou ofri edikasyon nan syans enfòmatis depi nan K rive nan 12yèm ane toupatou nan Eta a

Kòm yon pati nan Ajenda 2018 pou Fi Gouvènè a - I ap travay pou elimine inegalite ant sèks yo nan STEM gras a garanti aksè egal a syans enfòmatis

Angajman istorik sa a garanti tout lekòl elemantè, premye sik segondè ak dezyèm segondè nan eta a ap ofri edikasyon nan syans enfòmatis disi 2025

Li fè pati efò san rete Gouvènè a pou li prepare elèv yo ak kominote yo pou yo pwospere nan ekonomi 21yèm syèk la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pi gwo investisman eta nan syans enfòmatis nan nasyon an. Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan yon investisman 6 milyon dola pa ane nan pèfeksyonman pwofesyonèl pou pwofesè yo, ki, mete ansanm avèk kreyasyon nouvo estanda akademik pou syans enfòmatis, pral garanti tout lekòl elemantè, premye sik segondè, ak dezyèm sik segondè nan eta a ap ofri edikasyon nan syans enfòmatis disi 2025. Investisman istorik sa a, ki elabore kòm yon investisman 30 milyon dola sou senk lane, pral ekipe elèv New York yo avèk konpetans ki nesesè yo pou djòb lavni yo, epi ede kenbe eta a konpetitif pou plizyè dizèn lane k ap vini yo.

“Nou dwe ekipe timoun nou yo avèk zouti ak resous pou mete yo sou menm pye egalite epi ede garanti tout elèv New York, kèlkeswa sèks yo, ras yo oswa zip kòd yo, kapab reyisi”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a pi gran angajman nan edikasyon nan syans enfòmatis nan nasyon an, nou pral garanti elèv New York yo resevwa edikasyon ak fòmasyon yo bezwen yo pou antre nan mendèv fiti a epi ede kontinye fè New York vanse.”

“Nan yon bann lekòl ak fowòm toupatou nan Eta a, mwen ankouraje ti fi yo pou yo konsidere etidye nan domèn STEM yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Se yon chimen garanti nan direksyon endepandans finansye epi li ofri yon opòtinite trè enpòtan pou elimine inegalite ant sèks yo. Investisman san presedan nou

an nan edikasyon nan syans enfòmatis gen kapasite ouvè pòt epi transfòme lavi jèn fanm yo. Li voye anplwayè yo toupatou nan peyi a tou yon mesaj ki di Eta New York ofri yon mendèv ki gen edikasyon siperyè ki pare pou li antre nan djòb jodi ak demen yo.”

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa, “Nou pran angajman bay ti fi yo mwayen pou yo reyisi nan tout endistri yo epi kraze baryè ant sèks yo, epi pa gen pi bon jan pou garanti reprezantasyon egal fanm nan teknoloji pase garanti aksè egal a edikasyon nan syans enfòmatis. Angajman sa a ki pa gen parèy pral fè vanse ajenda pou fi nou an gras a preparasyon tout ti fi yo pou yo vin kreyatè ak lidè nan lavni nou”.

Politik la fè pati Ajenda 2018 pou Fi Gouvènè a - k ap travay pou elimine inegalite ant sèks yo nan STEM gras a garanti aksè egal a syans enfòmatis a yon laj byen jèn.

Edikasyon nan syans enfòmatis yo pi enpòtan ke jamè. Teknoloji fè pati sektè k ap devlope pi vit yo epi ki peye pi byen yo jodi a, epi li se pwofesyon ki pi an demann nan Eta New York. Pwofesyon enfòmatis yo konstitye detyè nan tout nouvo djòb yo prevwa yo nan STEM, men menm si 93 pousan paran yo rapòte yo vle pitit yo etidye syans enfòmatis, majorite lekòl piblik New York yo pa ekipe pou anseye syans enfòmatis nan saldeklas yo.

Investisman 6 milyon dola pa ane sa a pral ekipe pwofesè yo avèk konpetans ak fòmasyon fondamantal ki nesèsè yo pou pote edikasyon nan syans enfòmatis nan saldeklas la epi prepare elèv New York yo pou ekonomi 21yèm syèk la. Distrik yo pral resevwa sibvansyon nan kad yon pwosesis konpetitif, avèk konsantrasyon inisyal sou K rive nan 8yèm ane ak priyòrite pou lekòl ki gen plis bezwen yo.

Anplis de sa, Gouvènè a pral konvoke yon gwoup travay ki gen edikatè ak ekspè endistri yo ladan pou kreye nouvo modèl estanda akademik pou syans enfòmatis nan eta New York pou K rive nan 12yèm ane. Nouvo estanda syans enfòmatis yo pral ofri yon fondasyon esansyèl pou garanti aplikasyon efikas ak pwogram bon kalite nan tout eta a.

Josh Silverman, Prezidan-Direktè Jeneral Etsy ak Prezidan ScriptEd, te deklare, “Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li ap travay pou garanti chak elèv gen aksè ekitab a yon edikasyon 21yèm syèk. Mennen edikasyon nan syans enfòmatis nan tout lekòl elemantè, premye sik segondè, ak dezyèm sik segondè se yon bagay ki esansyèl pou reyisit biznis nou yo ak kominote nou yo”.

Fred Wilson, asosye nan Union Square Ventures, te deklare, “Edikasyon nan syans enfòmatis se pa sèlman prepare elèv nou yo pou bon djòb epi ekipe konpayi nou yo avèk talan ki nesèsè pou pwospere a. Se ede elèv yo devlope yon nouvo kalite konesans yo pral bezwen pou mennen vi reyisi nan mond 21yèm syèk nou an. Syans enfòmatis nan tout lekòl nan eta a se yon bagay ki bon pou elèv nou yo, biznis nou yo, ak kominote nou yo”.

Direktris Egzekitif Tech:NYC, Julie Samuels, te deklare, “Pi gran atou New York se te toujou moun divès ki rete ladan li yo. Angajman Gouvènè a nan edikasyon nan syans

enfòmatrik pral garanti tout Nouyòkè yo gen yon chans jwenn djòb ki peye byen epi li pral kreye valè toutbon pou konpayi yo nan New York ki konte sou talan teknik ki sòti lakay. Se yon envestisman enpòtan nan avni ekonomik nou”.

Jake Baskin, Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwofesè Syans Enfòmatrik la (Computer Science Teachers Association, CSTA), te deklare, “Kreyasyon estanda syans enfòmatrik yo ak finansman pou pèfeksyonman pwofesyonèl ki pou sa menm se yon kokennchenn viktwa pou pwofesè yo ak elèv yo nan New York. Aksè a pèfeksyonman pwofesyonèl kalite siperyè se demann nimewo en manm nou yo fè, epi fon sa yo pral fè sa vin posib”.

Kathryn Wylde, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, “Chak jou, gen apeprè 400,000 òf travay ki afiche nan Eta New York, epi pifò nan yo egzije konpetans nan teknoloji. Pwogram sa a ap okipe nesosite pou gen plis edikatè ki gen konesans ajou nan syans enfòmatrik epi ki kapab prepare Nouyòkè yo pou òf travay sa yo epi satisfè bezwen anplwayè yo nan sektè ekonomi an k ap devlope anpil”.

Brian O’Kelley, Prezidan-Direktè Jeneral AppNexus, te deklare, “Edikasyon nan syans enfòmatrik esansyèl pou garanti timoun nou yo gen konpetans yo bezwen yo pou yo pwospere nan yon mond k ap vin deplizanpli teknolojik epi rezoud pwoblèm pwofon ak miltidimansyonèl demen yo. Mwen anchante wè eta a envesti nan fòmasyon jèn Nouyòkè yo pou djòb teknik yo ki esansyèl pou reyisit konpayi tankou AppNexus”.

Prezidan-Direktè Jeneral Code.org, Hadi Partovi, te deklare, “New York nan chimen pou li vin yon lidè nan edikasyon nan syans enfòmatrik avèk youn nan plan ki gen plis anbisyon nan nasyon an. Konpliman Gouvènè Cuomo ak eta New York pou adopsyon yon bidjè ki non sèlman bay aksè a edikasyon nan syans enfòmatrik pou K rive nan 12yèm ane priyorite men ki laji li tou”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)